Chè Paran/Gadyen:

_____ Lekòl la ofri chwa manje ki sen e byen prepare pou timoun yo chak jou. Timoun yo k'ap achte manje-midi pou _____ manje-maten pou_____. Timoun ki kalifye anba direksyon U.S. Department of Agriculture ap resevwa petèt manje a gratis osnon a youn pri ki pi ba pou _____ manje-midi _____ pou manje-maten. Tout manje k'ap sèvi nan lekòl yo chak jou dwe pou rankontre kalite nitrisyon ki etabli pa U.S. Department of Agriculture. Si youn timoun andikape e doktè'l detèmine ke timoun sa a malad e kondisyon l pa pèmèt li manje nòmalman ak tout lòt timoun yo, lekòl la ap ranplase manje a ke doktè timoun lan rekòmande. Nou p' ap chaje anplis pou ranplasman manje sila a. Tanpri, pran nòt, sepandan lekòl la p'ap fè oken chanjman pou ranplase nouriti ki gen alèji a mwenske nouriti alèji a gen rapò ak enfimite a. Tanpri rele lekòl la pou plis enfòmasyon.

Pitit ou k'ap manje gratis lekòl menm si ouap resevwa Koupon manje, Asistans tanporè pou fanmi ki nan bezwen (TANF) osnon benefis pou Pwogram Distribisyon Manje nan Resèvasyon Endyen (FDPIR). Si montan lajan kay la rete menm jan oubyen pi ba ke lajan ou rantre nan fòm lan, pitit ou k'ap resevwa manje gratis oubyen a youn pri redwi.

Kòman' m kapab genyen manje gratis osnon manje a pri redwi pou pitit mwen? Se pou w konplete Fòm pou Benefis Manje a, retounen l nan lekòl la.

- ***Kay ki resevwa Koupon Manje, TANF, oubyen benefis nan men FDPIR***. Se pou w mete non timoun lan ak nimewo kes la, e se youn adilt ki dwe siyen fòm lan.
- ***Kay ki pa resevwa Koupon Manje, TANF, oubyen benefis nan men FDPIR***. Si ou pa genyen youn nimewo pou koupon manje, se pou w mete non tout manm k ap viv lakay la, montan lajan chak moun te genyen mwa dènye, ki kote lajan sa soti. Se youn adilt k'ap viv nan kay la ki pou siyen fòm lan. Li dwe pou l mete nimewo social security, si adilt k'ap siyen fòm lan pa gen youn social security se pou l endike ke li pa genyen youn social security "none" oubyen mwen pa genyen.
- ***Gadyen ki Responsab timoun.*** *(foster child).* Se pou w mete non timoun lan e lajan timoun sa resewa mwa dènye pou bezwen "pèsonèl li" Se gadyen timoun lan ki pou siyen fòm lan.

Eske y'ap verifye fòm lan? Y'ap kontwole si ou elijib nempòt ki lè diran tout lane lekòl la. Ofisyèl nan lekòl la k'ap mande pou w voye pa ekri evidans ki montre ke pitit ou dwe genyen manje gratis osnon manje a pri redwi nan lekòl la.

Eske'm kapab mande lekòl la pou revize desizyon l? Ou gen dwa koze ak ofisyèl nan lekòl la si ou pa dakò ak desizyon yo pran sou aplikasyon an. Ou kapab mande tou pou yo fè youn jijman ki jis e dwat. Pou sa, ouap rele nimewo telefòn :_____
Oubyen ouap ekri nan adrès sa:_____
_____